**दिन—शुक्रवार** **दिनांक—22.08.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

———————————————————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आई गयाजी सँ बिहार कँ तेहर—हजार करोड़ रुपैया सँ बेसिक विकाश— परियोजना कऽ भेंट देलन्हि। एहि अवसर पर श्री मोदी बिजली, रेल, सड़क, स्वास्थ्य, आवास आओर जलापूर्ति सँ जुड़ल कतेको परियोजनाक शिलान्यास आओर लोकार्पण कयलनि। प्रधानमंत्री वीडियो कॉन्फ्रेंसक माध्यमे मोकामाक औंटा आओर बेगूसरायक सिमरियाक बीच गंगा नदी पर नवनिर्मित सिक्स लेन पुलक उद्‌घाटन कयलनि। ई पुल बनला सँ उत्तर बिहार आओर दक्षिण बिहारक बीच आवाजाही सुलभ भऽ गेल अछि। श्री मोदी राज्य मे कैंसर के मामिला मे भऽ रहल वृद्धि कँ देखैत मुजफ्फरपुर मे नवनिर्मित भाभा कैंसर रिसर्च संस्थानक उद्‌घाटन कयलनि। एहि संस्थानक क्षमता दू सौ पचास बेडक अछि।

प्रधानमंत्री लगभग एक हजार नौ सौ करोड़ रुपैया कँ लागत सँ बनल राष्ट्रीय राजमार्ग— इकतीसक चारि—लेन बला बख्तियारपुर—मोकामाक खंडक उद्‌घाटन सेहो कयलनि। एकर अतिरिक्त ओ एनएच—एक सौ बीसक बिक्रमगंज — दावथ — नवानगर — डुमरांव सेक्शन पर पक्का सड़क सहित दू लेनक सुधार कार्यक उद्‌घाटन कयलनि। श्री मोदी गया आओर दिल्लीक बीच अमृत भारत एक्सप्रेस ट्रेन आओर वैशाली आ कोडरमाक बीच बौद्ध सर्किट स्पेशल ट्रेन कँ हरियर झंडा देखा कँ विदा कयलनि। अमृत योजनाक दोसर चरणक अंतर्गत प्रधानमंत्री औरंगाबाद, बोधगया आओर जहानाबाद मे जलापूर्ति परियोजनाक आधारशिला सेहो रखलनि। ई परियोजना स्वच्छ पेयजल, आधुनिक सीवरेज प्रणाली आओर निक स्वच्छता सुविधा प्रदान करत, जाहि सँ स्वास्थ्य मानक आओर जीवन गुणवत्ता मे सुधार होयत।

श्री मोदी, प्रधानमंत्री आवास योजनाक अंतर्गत सोलह हजार सँ बेसि लाभार्थी कँ गृह प्रवेश सेहो करौलनि। कतेको योजनाक लोकार्पण आओर शिलान्यासक बाद प्रधानमंत्री श्री मोदी, मगध विश्वविद्यालय मे आयोजित जनसभा कँ संबोधित करैत आरोप लगौलनि जे राजद

आओर कांग्रेसक शासनकाल मे कतेको साल तक परियोजना सभ लटकल रहैत छल। मुदा एनडीए सरकार एहि परिपाटी कैँ सभ तरहें बदलि देलक अछि। प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी कहलनि जे हुनक सरकार भ्रष्टाचारक विरूद्ध जीरो टॉलरेंसक नीति पर काज कऽ रहल अछि। सरकार एहन बिल लऽ कऽ आयल अछि, जाहिमे आब प्रधानमंत्री, मुख्यमंत्री आओर कोनो मंत्री कैँ तीस दिन जेल मे रहला पर पद सँ हटेबाक प्रावधान अछि।

प्रधानमंत्री श्री मोदी, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार के काजक प्रशंसा करैत कहलनि जे हिनकर नेतृत्व मे बिहार लगातार प्रगति कऽ रहल अछि। समारोह कैँ संबोधित करैत मुख्यमंत्री नीतीश कुमार जनौलनि जे वर्ष दू हजार पांच मे एनडीए कैँ सरकार बनलाक बाद अखन धरि राज्यक स्थिति मे सुधार भेल अछि।

———————————————————————————

शिक्षा विभाग नओ हजार सत्रह शिक्षक कैँ पारस्परिक बदली कऽ देलक अछि। एकर जानकारी ई–शिक्षा कोष पोर्टल पर उपलब्ध अछि। विभाग अखन धरि, इकतीस हजार एक सौ पचास शिक्षक कैँ बदली कयलक अछि।

———————————————————————————

सुप्रीम कोर्ट एसआईआर पर सुनवाई करैत चुनाव आयोग कैँ निर्देश देलक अछि जे ओ एक अगस्त कैँ प्रकाशित मतदाता सूचीक प्रारूप सँ हटाओल गेल लोकक नाम जोड़बाक लेल ऑफलाइनक संग ऑनलाईनक सुविधा सेहो उपलब्ध करबैथ। अदालत कहलक जे नाम जुड़ेबाक लेल मतदाता आधार कार्ड समेत फॉर्म–छओ मे देल गेल एगाहर दस्तावेज मे सँ कोनो एक टा जमा कऽ सकैत अछि। शीर्ष अदालत सुनवाई करैत काल राजनीतिक दलक निष्क्रियता पर सेहो प्रश्न उठौलक। कोर्ट कहलक जे मात्र दूटा आपत्ति अखन धरि भेटल अछि। एहि मामिला मे आगुक सुनवाई आठ सितम्बर कैँ होयत।

———————————————————————————

प्रदेशक कतेको भाग मे मानसूनक सक्रियता सँ बरखा भऽ रहल अछि। मौसम विभागक अनुसार बंगालक खाड़ी मे निम्न दबावक क्षेत्र बनलाक कारणे प्रदेश के कतेको जिला मे सत्ताईस अगस्त धरि बरखाक संभावना अछि। विभाग अगिला चौबीस घंटाक बीच रोहतास, नालंदा आओर औरंगाबाद जिलाक किछु स्थान पर भारी बरखाक ऑरेंज अलर्ट जारी कयलक अछि। ओतहि, पटना सहित छह जिला मे भारी बरखाक संभावना जताओल गेल अछि। एहि अवधि मे तीस सँ चालीस किलोमीटर प्रतिघंटाक गति सँ तेज हवा चलबाक संभावना सेहो अछि।

---

समाप्त भेल।